



# Advocates for Children of New York

## Protecting every child's right to learn

## Politik Pwomosyon nan Lekòl Leta Vil Nouyòk la pou Moun k ap Aprann Angle (ELLs) nan Klas K—8

Elèv ki klase kòm Moun k ap Aprann Angle (ELLs) gen pwòp kritè pwomosyon pa yo depandan de klas yo epi kantite ane yo genyen enskri nan yon lekòl Ozetazini. Anplis egzijans ki afiche pi ba yo, ELLs yo oblige pase Egzamen Reyalizasyon Angle kòm Dezyèm Lang Leta Nouyòk la (NYSESLAT) chak sezón prentan pou detèminen nivo kapasite yo ann angle.

### Kindègadenn jiska 2<sup>yèm</sup> Ane

Nan kindègadenn, 1<sup>ye</sup> ane, epi 2<sup>yèm</sup> ane, direktè a pral deside si yon etidyan ELL ta dwe pase klas la epi avanse nan yon lòt klas. Direktè a dwe mete w okouran epi pale avè w konsènan pwogrè ptit ou ap fè a avan li pran yon desizyon. **Yo PA dwe fè ptit ou a refè yon klas poutèt nivo kapasite li ann angle limite.**

### 3<sup>yèm</sup> Ane jiska 7<sup>yèm</sup> Ane

Si ptit ou a gen tan asiste yon lekòl Ozetazini pandan **plis ke 2 zan** men **mwens ke 6 zan** **OUBYEN** si ptit oua se yon **elèv avèk yon edikasyon fòmèl ki kanpe sou wout (SIFE)**, li dwe:

- Demontre ase pwogrè nan Angle kòm yon Nouvo Lang (ENL) pou l avanse a nòm Lang Angle (ELA) Common Core yo, baze sou travay, nòt, ak ezamen elèv la.
- Demontre ase pwogrè pou'l ta rive na nòm Matematik Common Core yo nan lang natif natal yo oubyen ann angle dapre metodoloji ENL la.

Si ptit ou a gentan asiste yon lekòl Ozetazini pandan **plis ke 6 zan**, yo pral evalye l sou menm nòm avèk lòt etidyan yo. Avansman li a pral detèmine apre yo fin revize travay elèv la pandan tout ane a, ki enkli:

- Mwayèn li fè sou egzamen leta yo
- Mwayèn li fè pou klas la
- Kanè
- Echantyon yon devwa alekri elèv la
- Pwojè
- Devwa

Si ptit ou a gentan asiste yon lekòl Ozetazini pandan **mwens ke 2 zan**, yo p ap evalye l sou menm kritè avansman ak lòt elèv yo.

**Yo PA gen dwa anpeche ptit ou a pase yon klas poutèt nivo kapasite li ann angle limite.**

### **Èske ptit ou se yon SIFE?**

SIFE siyife Elèv avèk yon Edikasyon Fòmèl ki Kanpe sou Wout, epi li aplike pou elèv k ap viv nan yon fwaye kote yo pale yon lòt lang ki pa angle. Yon elèv kalifye antanke SIFE si li enskri nan yon lekòl Ozetazini ki pi wo pase 2<sup>yèm</sup> ane a, si l fe de (2) zan lekòl mwenske kondisip li yo, epi si l fonksyonnen nan yon nivo ki ominimòm 2 zan pi ba pase nivo klas li si poze fè a nan lekti epi/oubyen nan matematik nan lang natif natal la.

## **8<sup>yèm</sup> Ane**

Si ptit ou a gentan asiste yon lekòl Ozetazini pandan **I-2 an OUBYEN** si ptit ou a kalifye kòm SIFE, li dwe:

- Demontre ase pwogrè nan ENL la pou l ta rive nan nòm Lang Angle (ELA) Common Core yo, baze sou travay, nòt, ak egzamen elèv la.
- Demontre ase pwogrè pou l ta rive nan nòm Matematik Common Core yo nan lang natif natal la oubyen ann angle dapre metodoloji ENL la.

Si ptit ou a gentan asiste yon lekòl Ozetazini pandan **2-4 an**, li dwe:

- Demontre pwogrè li atann pou l fè sou NYSESLAT la, sou lòt egzamen yo administre pou elèv ELL yo, **oubyen** demontre ase pwogrè pou l ta rive nan nòrm ELA Common Core yo.
- Demontre ase pwogrè pou l ta rive nan nòm Matematik Common Core yo nan lang natif natal la oubyen ann angle dapre metodoloji ENL la.

Si ptit ou gentan asiste yon lekòl Ozetazini pandan **plis ke 4 an**, yo dwe evalye l sou menm nòm ak lòt elèv yo. Y ap detèmine si elèv la pase klas la nan revize travay elèv la pandan ane a, ki enkli:

- Mwayèn li fè sou egzamen leta yo
- Mwayèn li fè pou klas la
- Kanè
- Echantyon yon devwa alekri elèv la
- Pwojè
- Devwa

Si ptit ou gen tan asiste yon lèkol Ozetazini pandan **mwens ke I an**, yo p ap evalye l sou kritè avansman yo.

### **KONSEY:**

Lekòl ptit ou a pa gen egzijans pou l rankontre w pou pale sou pwogrè ptit ou ap fè avan yo pran yon desizyon sou avansman l nan yon lòt klas. Li empòtan pou w abòde pwofesè ptit ou a souvan pou w asire ptit ou a ap fè pwogrè pandan ane a.

## **Egzamen Leta yo pou Ane 3—8**

Apre l an nan yon lekòl Ozetazini, ELLs yo oblige pran egzamen Leta yo ansanm ak tout lòt elèv yo.

Desizyon sou avansman elèv yo nan lòt klas yo pa baze inikman sou mwayèn yo fè sou egzamen Leta yo. Yo pa gen dwa fè yon elèv refè yon klas poutèt yon mwayèn li fè sou yon egzamen Leta selman.

ELLs yo gen dwa pou yo benefisyé akomodasyon espesyal pandan egzamen Leta yo, ki enkli:

- Plis tan pou konpoze
- Konpoze nan yon lokal separe oubyen nan ti gwoup
- Sèvi ak yon diksyonè bileng

Egzamen Matematik Ane 3—8 yo disponib nan lang chinwa, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, ak panyòl.

Egzamen Syans 4<sup>yèm</sup> ak 8<sup>yèm</sup> ane yo epi egzamen Syans Sosyal 4<sup>yèm</sup> ak 8<sup>yèm</sup> ane yo disponib nan lang chinwa, kreyòl ayisyen, ak panyòl. Elèv ki pale lòt lang kapab fè yo tradwi egzamen yo. Pou egzamen Matematik, Syans, epi Syans Sosyal yo, elèv yo kapab ekri repons yo pou kesyon ouvè yo nan lang natif natal yo.

**NÒT:** Akomodasyon sa yo pa disponib pou egzamen NYSESLAT la, ki evalye nivo angle ptit ou a.

## **S ak pase si pitit mwen an pa reponn ak egzijans ki genyen pou l kapab avanse nan yon lòt klas?**

Pwofesè pitit ou pral notife w pandan Konferans Paran-Pwofesè Oton an epi w pral gen yon opòtinite pou w pale sou koman w ka ede l ; ou ka kontinye konvèsasyon sa a pandan Konferans Paran-Pwofesè Prentan an.

## **Kisa yon lèt « Avansman an Kesyon » ye?**

Si pitit ou gen chans pou l pa pase yon klas, ou pral jwenn yon lèt pou esplike w sa **15 fevriye** oubyen avan sa. Li enpòtan pou w pale ak pwofesè epi direktè lekòl pitit ou a pou w pale sou sak ka fèt pou ede pitit ou a.

## **Apre m resevwa yon lèt « Avansman an Kesyon, » koman direktè lekòl la pral deside si pitit mwen an pral avanse nan yon lòt klas?**

Pou elèv nan K—2, direktè lekòl la pral pran desizyon ki konsènen avansman nan lòt klas apre l fin pale ak pwofesè a epi paran yo. Pou elèv nan Ane 3—8, pwofesè a pral remèt yon dosye avansman bay direktè lekòl la ki gen ladan l travay ak devwa elèv la. Direktè lekòl pral evalye si elèv la te reponn ak kritè minimòm yo ki nesesè pou l avanse nan yon lòt klas.

## **Sa k pase si m pa jwenn yon lèt « Avansman an Kesyon, » ?**

Menmsi lekòl pitit ou a pa notife w ofisyèlman, yo gen dwa toujou fè pitit ou refè yon klas—li ta bon pou w al kote pwofesè pitit ou omwen yon fwa avan fevriye pou w mande sa pitit ou a bezwen fè pou l ka pa refè klas la.

## **Sa k pase si pitit mwen an pa pase klas la nan fen ane a?**

Ou pral resevwa yon lèt nan mwa jwen an si pitit ou pa pase klas la. Lèt sa a souvan rekomande pou pitit ou asiste lekòl dete. Si w vle mete pitit ou a nan lekòl dete, voye yon lèt bay direktè lekòl pitit ou a pou endike w enterese. Si w pa resevwa yon lèt, sepandan, pitit ou a ka toujou gen egzijans pou l refè yon klas.

## **Èske pitit mwen an pral avanse nan yon lòt klas si li asiste lekòl dete?**

Pa nesesèman. Direktè lekòl la pral revize desizyon avansman yo nan mwa out la. Li pral evalye devwa lekòl dete yo epi nòt mwayèn li fè nan egzamen yo ansanm ak dosye avansman an pwofesè pitit ou a te remèt nan mwa jwen an. Si pitit ou a reponn ak kritè minimòm pou l ka avanse nan yon lòt klas nan moman sa a, yo pral kite l avanse nan yon lòt klas.

## **Koman m ka fè petisyon si pitit mwen an pa pase klas la apre lekòl dete?**

Ou ka remèt yon petisyon alekri bay direktè lekòl la avan fen mwa out la. Chèf depatman edikasyon an pou vil la pral revize desizyon direktè lekòl la epi l ap pran desizyon final la.

### **Èske w gen plis kesyon?**

**Souple Rele Liy Asistans Telefonik Edikasyon Jill Chaifetz la**

Sòti lendi rive jedi • Sòti 10h00 rive 16h00

1-866-427-6033 (gratis)

**Advocates for Children of New York, Inc.**

151 West 30th Street, 5th Floor, New York, NY 10001

Telefòn: (212) 947-9779 • Faks: (212) 947-9790

Fèy enfòmasyon sa a pa yon konsèy legal. Bi fèy enfòmasyon sa a se pou eseye rezime prensip ak lwa aksyèl yo san deklare opinyon AFC a. Si w gen yon pwoblèm legal, couple kontakte yon avoka oubyen yon defansè.

Pwopriyete Enteleksyèl © Out 2015, Advocates for Children of New York, Inc.